

Wason
PL5454
W38
1921

ASIA

Wason
PL 5454
2038
1921

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY

CORNELL UNIVERSITY LIBRARY



3 1924 081 222 121

Ser. No.

Hargana f 0.30

WAWATJAN

TJARITA MOEHAMMAD KAJA

TJITAKAN KATILOE

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
KALOEARAN
BALE-POESTAKA

POUCR. UIV


BALE POESTAKA ngaloeärkeun saréng ngadjoeal boekoe-boekoe anoe ditoeliskeun di handap ieu. Saha-saha anoe bade ngagaleuh, artosna kédah dikintoenkeun ti pajoen koe postwissel.

Ngaranna boekoe	Ngaranna noe ngarang	Har-gana..
Boekoe batjaan roepa-roepa kaolahan	Nji Mas Djam'ah	f 0.30
Damar woelan (wawatjan)	M. Sastradiredja	„ 0.70
Dik Trom	C. J. Kieviet	„ 0.22
Djalan pangoepadjija (wawatjan)	R. Danoemihardja	„ 0.09
Djalma paminggaan (tjarita)	R. Ardiwinata	„ 0.18
Dongeng-dongeng Soenda I Idem II	M. Saleh djeung Ardiwinata	„ 0.15
Dongeng-dongeng toeladan (wawatjan)	Ardiwinata	„ 0.45
Elmoe kabéungharan	R. Prawirakoesoema	„ 0.07
Elmoening tani (wawatjan)	D. K. Ardiwinata	„ 0.08
Génépbélas tjarita	R. Djajadiredja	„ 0.05
Hal mélak djeung ngokolakeun roepa-roepa pépélakan I (Boekoe)	Mangoendikaria	„ 0.16
Kahardjaan nagara		
Kasakit awewe	M. Setjaadipoetra	„ 0.08
Kasakit pest di Poelo Djawa djeung pikeun panolakna	M. Natawisastra djeung M. Padmadinata	„ 0.15
Koelak tjanggeum	Dr. Snoeck Henkemans	„ 0.02
Lalampahan Daoed bin Oetin (Tjarios)	Dr. O. L. E. de Raadt	„ 0.03
Lalampahan ka Djawa Téngah (Tjarios)	R. Poerawinata	„ 0.08
Lalampahan Michiel Adr. de Ruyter	M. Mangoendikaria	„ 0.16
Lalampahan Soedagar Moe-lapar (wawatjan)	R. Poerawinata	„ 0.14
Maharadja Djoesi (tjarios)	R. Ardiwinata	„ 0.28
Natasoengkawa (wawatjan tjarios)	Mangoendikaria	„ 0.30
Noenggoel Pinang I	R. B. Kartadiredja	„ 0.10
	R. B. Kartadiredja	„ 0.21
	Hector Malot	„ 0.80

Serie No. 37

Hargana f 0.30

F165.



Wilson

PL

545-7.

W/38

1821

107

S



I. ASMARANDANA.

1. Asmarandana digoerit,
ditčmbangkeun basa Soenda,
ari anoe ditjarios,
aja sahidji djelēma,
beunghar taja kakoerang,
soegih moekti liwat langkoeng,
sarta tēmēn ibadahna.
2. Oerang nagri Danarēsi,
ngaranna anoe katēlah,
Moehammad Kaja geus kolot,
boga pakowon sorangan,
sajaga djeung pērjoga,
ka sedjen nagri kamashoer,
ngaranna reudjeung beungharna.
3. Geus poendjoel sa-Danarēsi,
hantēu aja noe mapakan,
sanadjan radjana oge,
beungharna teh kaoengkoelan,
koe Ki Moehammad Kaja,
rea gedong poeloeh-poeloeh,
araloes taja padana.
4. Ngadjadjar ngabéres baris,
hoeroeng-herang pangeusina,
djiga di karaton bae,
djeung sadia goedang-goedang,
di mana-mana tēmpat,
poeloeh-poeloeh toer parinoeh,
goedang prabot goedang oeang.
5. Waroeng-waroeng djero nagri,
toko-tokona ngadjadjar,
rea noe manehna bae,
rea waroeng noc disewa,
djeung rea boga kapal,
parahoemangratoes-ratoes,
geus poegoeh ingor-ingoran.
Wawatjan tjarita Mochamad kaja.

6. Koeda onta sapi moending,
atawa djeung salianna,
soemawonna domba ēmbe,
geus taja noe bisa milang,
estoe taja kakoerang,
parangina lēmah-lēmboet,
rea djalma anoe soeka.
7. Menak-menak koering-koering,
malah Kangdjēng Radja pisan,
asih wēlas manah sae,
ka Moehammad Kaja tea,
pada rēsēp sadaja,
rea djalma noe mērtamoe,
ti lian-lian nagara.
8. Toer asih ka pakir-miskin,
soemawonna ka ahlina,
ka sadaja sēpoeh anom,
para moe'min djeung oelama,
reudjeung rea sobatna,
diangkēn ichwan saestoe,
beurang peuting koeckoempoelan.
9. Sami ngaos para moe'min,
hanteu ēlat katoeangan,
sing sarwa anoe sarae,
saban poë motong domba,
tērkadang sapi pisan,
diango toeang ngarioeng,
sobat-sobat koering menak.
10. Hēnteu towong beurang peuting,
ti mana-mana darongkap,
pada soeka rēsēp sono,
katjatoer Moehammad Kaja,
manahna hēnteu pēgat,
nēnēda ka Maha Agoeng,
hajang dipaparin anak.
11. Moehammad Kaja prihatin,
sangēting hajang poetraan,
bēt hēnteu pinarēng bae,
tapi teu wčleh ihtiari,
tatamba hēnteu ēlat,
ongkos pirang-pirang reboe,
hēnteu ngitoeng karoegian.

12. Dilakonan djeung dipikir,
nēda ka Allah ta'ala,
hanteu samar ngantos-ngantos,
piwelas kērsa masihan,
anak lalaki pisan,
hēnteu lali saban waktoe,
ngadoe'a hajang laksana.
13. Tina sangēting pamoedji,
njoehoenkeun ka Noe Kawasa,
kērsaning Jang Maha Manon,
ditarima pančdana,
tēroes reudjeung kadarna,
Moehammad Kaja dimakboel,
geus ngandēg bobot garwana.
14. Ki Moehammad soeka ati,
hēnteu pēgat-pēgat hadjat,
nadar saban isock sore,
kotjap noe bobot garwana,
Moehammad Kaja katjatoer,
teu damang pajah katjida.
15. Noe ngalajad ahli wargi,
para moe'min koering menak,
Moehammad geus samar raos,
geus nangtoekeun kana adjal,
bakal pēgat papisah,
harita ka anoe koempoel,
Moehammad Kaja sacerna.
16. Ajeuna pihatoer koering,
ka sadaja noe ngalajad,
koering gadceh rasa sedjen,
djeung sadaja bakal pisah,
koering nēda saksian,
wasiat ka anoe kantoen,
reh poen bodjo koering tea.
17. Koe sadaja geus katawis,
jen keur gadoeh kakandoengan,
saoepantēn mangsa ngowo,
kaloear boedak kā doenja,
moen lalaki poen anak,
wasiat koering panoehoen,
moegi-moegi dingaranan.

18. Toeroenkeun ngaran sim koering,
ngaranan Moehammad Kaja,
lamoen kaloear awewe,
ngaranna kcemaha kërsa,
geus tamat wasiatna,
mangsa nĕpi kana waktoe,
Moehammad Kaja ngalènggak.
19. Poepoet adjal geus lastari,
awas ningali garwana,
ngotjeak nangis ngadèngkek,
sasarabat bari midangdam,
kotjap bae enggalra,
henteu pandjang dipitjatoer,
'Mad Kaja dipocasara.
20. Disiraman ahli wargi,
parantosna dioelcsan,
disalatkeun koe sakabeh,
para moe'min praoelama,
prakiahì djeung sobat,
sanggeus salat rëmpag toeloej,
digotong ka pakocboeran.
21. Dikoerébkeun geus lastri,
sadajana geus barocdal,
menak koering boedak kolot,
masing-masing ka boemina,
katjatoerkeun garwana,
bada hadjat matang-poeloeh,
harita garwana babar.
22. Ka loear poetrana sidik,
jen paméggét aloes pisan,
noe ngalajad sëpoeh anom,
istri paméggét darongkap,
geus salamétt noe babar,
soeka soekoer ka Jang Agoeng,
ingétt ka raka nalangsa.
23. Enggeus bërsih moerangkalih,
toeloej bae dingaranan,
toeroet ka wasiat bae,
ngaranna Moehammad Kaja,
nja djénengan ramana,
poetra kasep moeloes aloes,
rea anoe sami soeka.

24. Enggeus ageung moerangkalih,
mingkin njéples siga rama,
oemoerna noe katjarios,
nja eta Moehammad Kaja,
toedjoeh tahoen sampoerna,
iboena soeka kalangkoeng,
ningal geus ageung poetrana.

25. Taja kasoesah saeutik,
wantoening rea tittinggal,
doenja brana laksa këten,
reudjeung aja tittinggalna,
roepa djimat poesaka,
toetoeroenan ti karoehoen,
sadajana tiloe roepa.

26. Noe sahidji roepa soeling,
kadoea këtoe poesaka,
katiloena roepa endong,
kabeh aja hasiatna,
iboena énggeus térang,
disimpén boeni koe iboe,
taja deui anoe térang.

27. Hasiatna djimat tadi,
teu katjarita ajeuna,
di pajoen ge katjarios,
noe tiloe djimat poesaka,
hidji-hidji watékna,
gantjangna noe mangoen tjatoer,
geus gëde boedak nonoman.

II. SINOM.

1. Mohammad Kaja kang postra,
oemoer toedjoeh tahoen mandjing,
harita toeloej diadjar,
kana sagala bab ilmi,
barang geus rada ngarti,
toeloej ka sakola ascep,
népi ka bablas pisan,
Moehammad énggeus mangarti,
limawélas tahoen oemoerna sampoerna.

2. Harita Moehammad Kaja,
pikirna ēnggeus birahi,
baleg tēroes lampah roetjah,
maen djeung latjoer ka istri,
tina reaning doeit,
sakarčp-karčp didjoedjoer,
hēnteu beunang dihalang,
koe iboena diwēweling,
djongdjon madjoe tariking napsoe hawana.
3. Iboena ngan kantoen soesah,
teter teu asoep pepeling,
mingkin lami mingkin tambah,
roetjahna leuwih ti misti,
hēnteu beunang digcuing,
'Mad Kaja leuwih takaboer,
rasa cuweuh kakoerang,
teu pisan ingēt di ahir,
beurang-peuting gawena ngan pēlēsiran.
4. Diladjoer lampah Moehammad,
teu aja pisan karisi,
ēnggeus wantēr ngalalana,
laladjo ka lian nagri,
ka dajeuh Goenoeng Rawit,
ngambah nganteur lampah latjoer,
malah poetra radjana,
djēnēngan Nji Dewi Scetri,
koe manehna harita geus ditčpoengan.
5. Dihagal pok ditanjaan,
poetri bēngis nembal nampik,
ki Mochammad meunang wirang,
balikna ka Danarčsi,
teu pēgat woewoeh eling,
koe poetri mingkin kapintjoet,
Moehammad kaedanan,
katjipta bae Nji Poetri,
dahar sare teu ngeunah sangč kasmaran.
6. Tapi roetjah ka noe lian,
manan koerang anggoer tambih,
teu aja pisan kandūgna,
doeitna geus seep lēdis,
roepa barang noe kari,

imah gēdong waroeng-waroeng,
 koe manehna didjoeal,
 ēmas perak intēn sisip,
 pake maen oewar-awoer hanteu njaah.

7. Naon-naon roepa barang,
 didjoeal kabeh dibasmi,
 geus taja pisan noe tinggal,
 barang indoengna ge lēdis,
 kērsaning Maha Soetji,
 sakabeh doenjana loeroed,
 noe di imah di loear,
 geus dongkap ka titis-toelis,
 lima tahoen boerindil Moehammad Kaja.

8. Koeat djangdji djeung kadarna,
 Moehammad Kaja geus miskin,
 kipajahna ge geus soesah,
 imahna ngagewok leutik,
 sarohang tihang awi,
 daharna beunang djadjaloek,
 nēmbe aja elingan,
 handeueulna ti pandeuri,
 kadongdora dipajoeng geus kahoedjanan.

9. Ngan tinggal tiloe poesaka,
 djimat toeroenan ti aki,
 noe disimpēn koe iboena,
 dipoesti diboeni-boeni,
 koe poetra teu kapanggih,
 diroeang handapeun hawoe,
 di djēro parakona,
 koe Moehammad teu kapanggih,
 hēnteu pētot iboe nangisan ka poetra.

10. Nalangsa prihatin tambah,
 eling ka djamanna tadi,
 ka tjaroge djeung ka banda,
 lila-lila pasrah ati,
 eling jen takdir diri,
 papasten Allah Noe Agoeng,
 sabar rido tawēkal,
 ati bērsih hanteu moengkir,
 hanteu lēpat ngantosan pitoeloeng Allah.

11. Mochammad Kaja ngarasa,
prihatin ngarégih tjeurik,
kakara ingét ka Allah,
tobat djeung masrahkeun diri,
iboena langkoeng watir,
Mochammad dirontok gabroeg,
ditjicem ditangisan,
dioresapan poetra nangis,
pok hatoeran ki Moehammad ka iboena.

12. Ajeuna sim koering tobat,
moal ngalampahkeun deui,
kalakoean hal masiat,
ajeuna koering geus eling,
geus karasa koe diri,
ka iboe sédja dek toeroet,
sakoemaha timbalan,
koe koering bade diiring,
diimankeun piwédjang moal dipoengpang.

13. Karasa sangéti nalangsa,
sasat čnggeus ngagilintjing,
harita saoer ibocna,
soekoer oedjang pikir eling,
geus tobat moal deui,
lampah batan noe kapoengkoer,
ajeuna iboe waktja,
térang hanteu rek samboeni,
sacstoena aja kench barang bapa.

14. Noe koe iboe disimpénan,
dipocsti diboeni-boeni,
tapi lain roepa oeang,
djimat poesaka ti aki,
kabchna tilce reopi,
soeling endorg reudjeung këtoe,
dipérte!akeun pisan,
hasiatna hidji-hidji,
pérwatéknna djimat anoe tiloe roepa.

15. Hatoeran Mochammad Kaja,
noen iboe paneutan koering,
kalangkoeng hajang oeninga,
poesaka toeroenan aki,
koering teh hajang sidik,

tjeuk iboena teeh di ditoe,
 disimpenna direeang,
 di handap parako boeni,
 pek dikali kapanggih tiloeanana.

16. Dirawat koe ki Moehammad,
 atohna kaliwat saking,
 Moehammad owah tekadna,
 oedjoeb takaboer nja diri,
 atina woewoeh eling,
 ka istri poetrana Ratoe,
 kabogohna manehna,
 noe baretona geus nampik,
 panasaran maksedna teu dilajanan.

17. Ajeuna meunang tanaga,
 pang manehna oedjoeb djeung dir,
 sabab ēnggeus boga djimat,
 poesaka noe rocpa soeling,
 tangtē bae katjangking,
 poetri poetra Ratoe Goenoeng,
 taoe rasa ajeuna,
 moal gagal kapimilik,
 Moehammad djro atina woewoeh panas.

18. Geus mashoer Moehammad Kaja,
 ngaran kitoe ti leuleutik,
 koe sabab reudjeung boektina,
 rea banda langkoeng soegih,
 barangna djadi miskin,
 sansarana geus karashoer,
 roeksa kna lamprah reetiah,
 anoe njēboet kabeh dia'mi,
 disarébct ngaranna Moehammad Baia.

19. Ari harti basa baja,
 pakwoeh serta prihatin,
 djeung deui Moehammad Baja,
 mingkin katambah prihatin,
 kewoohan liwat saking,
 nandang sangsara kalangkoeng,
 sabab madjce lampakna,
 pōrbawana djimat pasti,
 kadjacian dipakena koo manehna.

20. Pikiran teu pēgat-pēgat,
eling bae ka Nji Poetri,
poetra Radja Soerjalaga,
di nagara Goenoeng Rawit,
kakasihan Nji Poetri,
Dewi Soetri geulis poendjoel,
hanteu aja bandingna,
di nagri ngan eta hidji,
noe katjipta koe Mcehammad Kaja tea.

21. Teu hatoeran ka iboena,
Moehammad top njokot soeling,
ngēmat Nji Poetri maksoedna,
toelcej ditioep sakali,
bangēt watēkna soeling,
Poetri datang geus di pajoen,
hareupeun ki Moehammad,
iboena kaget ningali,
aja istri montjorong mantjoer tjahjana.

22. Tapi eta istri tea,
sare tibra tatjan lilir,
Nji Poetri digoejah-goejah,
Poetri lilir alak-ilik,
manahna sēlang-sēling,
saperti anoē ngalindeer,
Nji Poetri sasaoeran,
ieu teh di mana airg,
bari nangis raos djēro pangimpian.

23. Ari tjeuk Moehammad Kaja,
saestoena ieu Njai,
lain dina pangimpian,
ieu teh di Danarēsi,
di imah ēngkang Njai,
oelah reuwas anggoer soekoer,
Njai ka dieu dongkap,
koe karēp ēngkang pribadi,
maksced ēngkang ajeuna tangtoe laksana.

24. Njai 'mo meunang basangkal,
soemawonna Njai nampik,
ēngkang sok ingēt baheula,
ati ēngkang ngēnēs peurih,
koe sabab Njai nampik,
wawalēsna ieu tangtoe,

Njai soemping njalira.
ti nagara Goenoeng Rawit,
ĕngkang soekoer Njai teh bakal ditikah.

25. Nji Poetri burang geus tĕrang,
raosna teh sĕlang-sĕling,
nangis ngadjérít ngotjeak,
kami hĕnteu soedi teuing,
koe manehna dikawin,
sabab kami poetra ratoe,
djeung kami hĕnteu soeka,
naha wani-wani maling,
geuwat-geuwat poelangkeun kami teu bĕtah.
26. Moehammad Kaja djawabna,
ngomong kĕras bĕngis sĕngit,
eh Njai lamoen manehna,
ĕmboeng koe ĕngkang dikawin,
tangtoe 'mo bisa balik,
ka nagara Njai djaoeh,
lalakon tiloe boelan,
tapi lamoen soeka Njai,
reudjeung ĕngkang saloeloet djadi doeriat.
27. Papasten Allah ta'ala,
titis-toelis noe geus pasti,
sarta parĕng kadar oerang,
djodo geus tangtoe ngadjadi,
ĕngkang djeung Njai kawin,
Njai salamĕt toer moeloes,
'moen hajang moelih gampang,
djeung ĕngkang bae sakali,
Dewi Soetri njaoyer di djero manahna.
28. Oepama aing basangkal,
oetjap bĕngis sarta nampik,
geus tangtoe diri tjilaka,
aing koe basa noe manis,
ajeuna hatoer koering,
lamoen manah ĕngkang estoe,
ka koering hojong nikah,
soeka pisan diri koering,
nanging hajang di nagri koering sorangan.
29. Tapi ĕngkang koedoe tĕrang,
ka koering oelah samboeni,
pambrih djadi kaloeloesan,

ajeuna naros sim koering,
 koema' margina koering,
 pang bisa ka dieu tjoendoek,
 tina djaoeh katjida,
 matak heran ati koering,
 estoe ēngkang sakti sarta jasa ngēmat.

30. Tina bangčting soekana,
 'Mad Kaja walon ka Poetri,
 ēngkang waktja satčrangna,
 pang Njai ka dieu soemping,
 koe elmoe ēngkang matih,
 sakēdep netra geus djēboel,
 ēnja ieu roepana,
 soeling poesaka ti aki,
 ngan sakali ditioepna Njai dongkap.
31. Søeling djimat pérwatčkna,
 wantoe aja eusina djin,
 ēnja eta anoe mawa,
 ngagandong salira Njai,
 gantjangna Njai Poetri,
 ngolo-ngolo manis imoet,
 tjing ēngkang hajang tērang,
 di roepana eta soeling,
 gantjang bae Moehammad mikeun soelingna.
32. Koe Nji Poetri geus ditampa,
 toeloej ditioep sakali,
 Poetri maboer geus teu aja,
 djeung soelingna moesna leungit,
 moelang ka Goenoeng Rawit,
 djeung rama iboe geus tépoeng,
 rama ladjéng mariksa,
 'na poelang ti mana Njai,
 awak Njai di dieu ēnggeus disčbar.
33. Roesoeh gehger praponggawa,
 anoe nareangan Njai,
 Raden Poetri pok oendjoekan,
 dipératelakeun sakali,
 koe kang rama kasoerti,
 ngahoelčng teu pisan njaoer,
 Radja bēngong manahna,
 ningal kana hikmat soeling,
 pérwatčkna moestadjab kabina-bina.

34. Radja tambah soeka manah,
eta soeling djadi milik,
Sang Radja njaero patihna,
ngadeuheus di srimanganti,
dawoeh Radja eh Patih,
bisi maneh tatjan ma'loem,
Nji Poetri ēnggeus datang,
matak heran leuwih gaib,
ditērangkeun ka Ki Patih rasiahna.
35. Patih ngahoelēng mikiran,
matak helok djimat soeling,
tapi hēnteu sasaeran,
ēnggeus moendoer Raden Patih,
ngabedjakeun jen Poetri,
ēnggeus soemping ka kadatoen,
montong ditareangan,
atoh sakoer abdi²,
Kangdjēng Radja djeung Nji Poetri sasaeran.
36. Tina bawaning koe soeka,
reh soeling geus djadi milik,
Sang Radja alon ngandika,
wēwēkas ama ka Njai,
poma oelah wawarti,
njarita ngomong teu poegoeh,
koedoe pageuh rasiah,
noe roepa poesaka soeling,
ama atoh ēnggeus boga soeling djimat.
37. Malah harita koe Radja,
geus ditjandak eta soeling,
toeloej ditioep ditjoba,
tapi teu maoenat soeling,
oendjoekan Njai Poetri,
satimbalan abdi noehoen,
katjarita noe tinggal,
anoe leungiteun koe Poetri,
toer dipaling soelingna dibawa minggat.
38. Mohammad Kaja napsoena,
ngagērēgēt pēgēl ati,
pok hatoeran ka iboena,
'koema iboe diri koering,
ngēnēs panas nja ati,
koering ajeuna rek njoesoel,

- něda eta poesaka,
 endong toeroenan ti aki,
 endong ěnggeus diparinkeun koe iboena.
39. Gantjang toeloej disorendang,
 dieusi doeit saringgit,
 pok amitan ka iboena,
 njoehoenkeun pandoe'a koering,
 moegi salamēt diri,
 rek njoesoel Poetri noe kaboer,
 Moehammad toeloej mangkat,
 sorangan singkil poerikil,
 lalampahan didjalanna tiloe boelan.
40. Eusi endong katjarita,
 asal dieusi saringgit,
 geus sapoë pek diteang,
 geus djadi sapeloeh ringgit,
 anoe sapeloeh ringgit,
 sapoë djadi saratoes,
 ringgit teu pisan koerang,
 noe saratoes kitoe deui,
 sapoëna gcus djadi sareboe pasmat.
41. Doeit tambah ngareaan,
 'Mad Kaja geus djadi soegih,
 ari lampah keur di djalan,
 ma'loem pada ningal doeit,
 rea djalma noe asih,
 kapintjoet rea noe miloe,
 ka 'Mad Kaja noe bela,
 pada ngiring soeka ati,
 djadi tambah rea batoer pangiringna.
42. Gantjangna bae geus dongkap,
 ka nagara Goenoeng Rawit,
 asoep ka toko balandja,
 mas perak intēn dibeuli,
 panganggo noe maranis,
 balandja bapeloeh reboe,
 sarta manehna midang,
 kitoe deui anoe ngiring,
 ki Moehammad panganggona noe arendah.
43. Sakoer noe sami naringal,
 pada kaget oerang nagri,
 aja semah leuwih kaja,
 soedagar ti Danarcsi,

**Radja geus ngoeping warti,
Moehammad Kaja katjatoer,
marék ka Kangdjéng Radja,
mawa panganggo rek bakti,
noe digotong noe ditanggeuj roepa².**

44. **Kandjéng Radja Soerjalaga,
linggihna di srimanganti,
Moehammad Kaja geus dongkap,
njémbah hoermat langkoeng ta'dim,
Sang Radja kaget galih,
mariksa ka ki tatamoe,
kaoela tatjan tcrang,
andika ti mana tadi,
roemah tangga andika ti nagri mana.**

45. **Djeung saha ngaran noe nčlah,
rek naon maksoed ka kami,
eta naon noe dibawa,
ragém² anoe ngiring,
'Mad Kaja langkoeng adjrih,
oendjoek scambah ka Sang Ratoe,
pariksa Kandjéng Radja,
djisim abdi djalma pakir,
ti nagara Danarčsi noe katčlah.**

46. **Torodjog tanpa larapan,
ngadeuheus ka linggih Goesti,
njanggakeun ieu hadiah,
nanging sakalangkoeng da'ip,
moegi Goesti migalih,
Sang Radja enggal ngadawoeh,
tjing kami ningalian,
harita pajoeneun Goesti,
pek diboeka katingal kabeh koe Radja.**

47. **Ngahoeléng bae Sang Radja,
bēngong ningal pangabakti,
araloes sarta djeung loba,
panganggo noe roepi warni,
sipat njamoe sapalih,
soetra² toer araloes,
sapalih mas-čmasan,
permata intén bidoeri,
ki Moehammad ka Radja kčbat oendjoekan.**

48. Doepi maksoed abdi tea,
ka gamparan linggih Goesti,
taja sanes pasrah badan,
sēdja ngagandek di Goesti,
teu sēdja wangsoel abdi,
ngantos loentoer galih Ratoe,
masihan sēsēngkēran,
sēkaring komala boemi,
manawina kadar abdi sarčng poetra.
49. Titis-toelis djodo poectra,
loeloes sarimbit djeung abdi,
Sang Radja ladjēng mariksa,
saha nja ngaran pribadi,
Moehammad oendjoek ta'dim,
ngaran abdi kapioendjoek,
nēlah Moehammad Kaja,
abdi sangēt da'ip miskin,
Radja emoet ti Nji Poetri rasiahna.
50. Mesēm Sang Radja ngandika,
ari moenggoeh diri kami,
rido doe'a soekoer pisan,
tatapi koemaha djinis,
harita Kangdjēng Goesti,
nimbalan Poetri disaoer,
djeung iboena mēdēkan,
Radja mesēm ka Nji Poetri,
ieu Njai noe ngaran Moehammad Kaja.
51. Ajeuna ka dieu datang,
njoesoel nanjaan ka Njai,
djeung mawa doenja barana,
ti nagara Danarēsi,
ajeuna koema' Njai,
soeka atawa teu poeroen,
ari tjara ama mah,
rek noeroetkeun karēp Njai,
Dewi Soetri oendjoekan manis ka Radja.

III. DANGDANGGOELA.

1. Noen pariksa iéu djisim abdi,
kana maksoed poen Moehammad Kaja,
djeung abdi hajang sadjodo,
lamoen kang rama rocdjoek,

sarēng aja toelis sim abdi,
 sēdja ngiringan pisan,
 Sang Radja ngadawoeh,
 Njai ama doe'a pisan,
 geura akoe los bawa ka djēro poeri,
 kakang maneh 'Mad Kaja.

2. Katjatoerkeun geus di djēro poeri,
 ki Moehammad Kaja langkoeng soeka,
 kantoen ngantos² bae,
 kana nikah noe tangtoe,
 toer dikawoelaan Nji Poetri,
 langkoeng dihoermat-hoermat,
 Poetri manis moeloet,
 tapi manahna rangképan,
 gēdena mah hanteu soeka hanteu soedi,
 lakian meunang tjatjah.
3. Siga soeka manahna prihatin,
 Njai Poetri kēur neangan akal,
 rek ngagčlo ngolo-ngolo,
 dina sahidji waktoe,
 Moehammad Kaja djeung Nji Poetri,
 tjalikna hanteu anggang,
 mesém Poetri njaoer,
 sim koering naros ka ēngkang,
 poerwa ēngkang ka dieu ka Goenoeng Rawit,
 ka koering kērsa nikah.
4. Njandak barang rea roepi-roepi,
 ēmas perak djeung intēn pērmata,
 panganggo noe aheng²,
 nanging ēngkang ka poengkoer,
 kaoeninga koe djisim koering,
 katingal taja banda,
 imah oge lēmboet,
 ēngkang miskin hina nista,
 eta doenja tjandak ēngkang anoe tadi,
 asal beunang ti mana.
5. Ki Moehammad hanteu boga pikir,
 koe bawaning katoengkoel koe soeka,
 teu boga sangkaan polos,
 'Mad.Kaja walon njaoer,
 tērang waleh ka Njai Poetri
 satērangna poen ēngkang,

Wawatjan tjarita Moehammad kaja.

2

djadi soegih djégoed,
 koe sabab boga poesaka,
 djimat endong toeroenan titinggal aki,
 ari endong watékna.

6. Dieusian koe doeit saringgit,
 moen ti peuting ti beurang diteang,
 diboeka toeloej dikodok,
 énggeus djadi sapoeloeħ,
 noe sapoeloeħ diteundeun deui,
 kana endong poesaka,
 diteang geus isoek,
 geus djadi saratoes pasmat,
 noe saratoes ringgit teh njá kitoe deui,
 djadi sarebœ pasmat.
7. Pendekna mah sakoemaha eusi,
 tangtoe djadi tikēlna poeloehan,
 jen kitoe waték endong teh,
 Nji Poetri imoet njaoer,
 lamoen éngkang rido ka koering,
 teuing hajang oeninga,
 poesaka karoehoen,
 roepa djimat endong tea,
 gantjang bae endong dibikeun ka Poetri,
 'Mad Kaja taja sangka.
8. Endong énggeus katjangking koe Poetri,
 gantjang bae Poetri njandak djimat,
 soeling ditioepkeun bae,
 sakali pake noendoeng,
 ti pajoenéunana Nji Poetri,
 tjatoer Moehammad Kaja,
 ingéti geus di lémboer,
 di imah manehanana,
 barang awas katingal iboena nangis,
 kēbat bae mariksa.
9. Ki Moehammad hatooran djeung nangis,
 térang waktja ti wiwitanana,
 sakabehna ditjarios,
 barang iboe ngadangoe,
 jen poetrana nandang prihatin,
 taja pisan saoerna,
 ngahoeléng ngadjéntoel,
 katjatoer Moehammad Kaja,
 ngènés peurih napsoe amarah ngagidir,
 rek maléš sangéti panas.

10. Katjarita Raden Dewi Soetri,
sanggeus maboer Ki Moehammad Kaja,
Njai Poetri geuwat bae,
oendjoekan ka Sang Ratoe,
djeung dipertelakeun sakali,
iboe djeung rama soeka,
Nji Poetri dioegoeng,
tatapi taja noe terang,
Radja boengah reh meunang poesaka deui,
endong djimat poesaka.
11. Katjarita enggeus tiloe peuting,
ki Moehammad Kaja anoe kotjap,
ka iboe nangis djeung waleh,
noen iboe koering toeloeng,
sakalangkoeng peurih nja ati,
ngenes panas nalangsa,
maksoed dina kalboe,
Poetri teh arek diteang,
panasaran moen tatjan laksana koering,
iboe geuwat toeloengan.
12. Eta djimat anoe hidji deui,
disoehoenkeun koe koering ajeuna,
poesaka arek dipake,
noe sipat roepa ketoe,
iboe nangis liwat hawatir,
toeloej ketoe ditjandak,
harita ge toeloej,
diparinkeun ka poetrana,
ki Moehammad gede hate gilig pikir,
ketoe dipake pisan.
13. Ki Moehammad henteu katingali,
les ngaleungit ngan sorana terang,
ti dinja djoeng indit bae,
di djalanan tara tempoeng,
reudjeung djalma noe wara-wiri,
sabab henteu katingal,
waték djimat ketoe,
ki Moehammad gede manah,
djeung takaboer teu aja pisan karisi,
toer leumpangna sorangan.
14. Djeung manehna henteu mèkèl doeit,
tatapina teu aja salempang,
moen aja kahajang njokot,

kadaharan ti waroeng,
 henteu aja anoe ngahoeit,
 sapandjangna di djalan,
 teu aja kabingoeng,
 kadaharan sakarépna,
 tiloe boelan di djalan ka Goenoeng Rawit,
 kotjap ēnggeus datangna.

15. Toeloej bae asoep ka djro poeri,
 torodjogan taja anoe ningal,
 Njai Poetri djongdjon bae,
 Moehammad njoepnak këtoe,
 poetri kaget awas ningali,
 ngagébg reuwasa njéblak,
 poetri gantjang ngakoe,
 matoer noen ēngkang hatoeran,
 soemping deui emoet mélang ka sim koering,
 ajeuna soekoer pisan.
16. Saréng saha ēngkang teh nja soemping,
 ngawalonan ki Moehammad Kaja,
 ēngkang ngan sorangan bae,
 teu pisan mawa batoer,
 gantjang bae harita Poetri,
 sadia katoeangan,
 pëpék sarta aloes,
 tambah hoermaat ka Moehammad,
 gënah pikir Moehammad kapintjoet deui,
 taja pikir rangképan.
17. Njai Poetri këbat matoer gasik,
 ēngkang koering naros anoe térang,
 sim koering kalangkoeng bëngong,
 ningal kasakten mandjoer,
 ēngkang sakti jasa ngaleungit,
 hanteu aja noe ningal,
 asoep ka kadatoen,
 kaoeninga ēnggeus aja,
 di djro poeri tjalik di gigireun koering,
 ēngkang leuwih saktina.
18. Ngawalonan ēngkang lain sakti,
 anging ēngkang pang hënteu katíngal,
 boga djimat langkoeng aheng,
 ari roepana këtoe,
 'moen dipake geus tangtoe leungit,
 teu katingal koe djalma,

- Poetri imoet njaoer,
 nja siga naon roepana,
 kētoe djimat noe langkoeng ahengna leuwih,
 sim koering hajang ningal.
19. Ki Moehammad pek nembongkeun deui,
 koe Nji Poetri kētoe geus katjandak,
 soeka boengah langkoeng atoh,
 gantjangna Poetri toeloej,
 njandak djimat noe roepa soeling,
 ditioepkeun sapisan,
 'Mad Kaja geus maboer,
 ti kadaton ēnggeus moesna,
 leungit deui Nji Poetri geus sirna ati,
 taja pisan karempan.
 20. Ki Moehammad katjatoerkeun deui,
 kaloearna ti kadaton tea,
 ninggang kana tēmpat sedjen,
 kana poentjaking goenoeng,
 sangēt sangsara liwat saking,
 djeung rea sasatoan,
 leuweung loewang-liwoeng,
 tanah kabawah nagara,
 Goenoeng Rawit lalakonna djaoeh deui,
 kira satēngah boelan.
 21. Ki Moehammad barēng ingēt lilir,
 alak-ilik ngahoelēng nalangsa,
 maras-miris djēro hate,
 sorangan loehoer goenoeng,
 ki Moehammad langkoeng prihatin,
 nangis ngēnēs nalangsa,
 reudjeung hoemarēgoeng,
 rea sato² galak,
 pagoletak matak gila matak watir,
 wantoe di leuweung sangar.
 22. Tapi pasrah ka Goesti Jang Widi,
 toeloej toeroen ti goenoeng ka lēbak,
 beurang-peuting hēnteu sare,
 leumpangna oesrak-asroek,
 koekoeroeboetan poēk peuting,
 manehna sangēt lapar,
 ngēlēpēr lalēsoe,
 bawaning teu barangdahar,
 noe didahar naon² noe kapanggih,
 kajaning poepoetjoekan.

23. Toeroet goenoeng mipir² pasir,
 djoerang² kasorang kateang,
 'Mad Kaja nalangsa hate,
 eureun handapeun kajoe,
 hoelang-hoeleng barina mikir,
 geus lila di leuweungna,
 Moehammad kasaroeng,
 hënteu tèrang lëbah mana,
 taja lëmboer soemawonna lamoen manggih,
 noe lidig roepa djalan.
24. Ěnggeus meunang lima wëlas peuting,
 di leuweungna ki Moehammad Kaja,
 pikirna teu tjopong²,
 kaliwat tina bingoeng,
 ati pasrah ngaboeang diri,
 nanging teu pëgat²,
 ngantosan pitoeloeng,
 bawaning sangët laparna,
 beh manggihan ningal tangkal boeah hidji,
 sarta aja boeahna.
25. Tapi boeah noenggal ngan sahidji,
 taja doea atawana rea,
 Mad Kaja kaliwat atoh,
 boeah toeloej diadjoel,
 ēnggeus moerag ka handap boemi,
 ditjokot koe Moehammad,
 arek digaroegoet,
 pek digit diasaan,
 eta boeah digitna ngan saeutik,
 kërsa Allah ta'ala,
26. Ki Moehammad roepana teh salin,
 kawas sato tandoekan ranggakgak,
 geus lir tandoek oentjal bae,
 ki Moehammad ngoedoenoeng,
 beurat njëri kaliwat saking,
 geus hanteu kocat leumpang,
 hanteu bisa nangtoeng,
 lampahna bari ngarandang,
 roemanggrieung ngënës tjeurik peurih ati,
 sangsara kabalangsak.
27. Mingkin sangët pasrah ka Jang Widi,
 geus kërsana hënteu ngarasoela,
 ngingëtkeun kana papasten,

nanging ati ngoeloewoet,
 hénteu kéndat nédá ka Goesti,
 abdi tobát teu koeat,
 beurat njoehoen tandoek,
 moégi pasihan waloeja,
 ilang tandoek geus teu wérat adoeh Goesti,
 tjara ka toekang-toekang.

28. Ki Moéhammad maksa leumpang deui,
 pek ngarandang soep ka sedjen témpat,
 nja di leuwéung eta keneh,
 handapeun kai ngáeb,
 panas poë noe moentrang-méntring,
 nahnaï ngédéng ngadjoprak,
 beurat sangét lésöe,
 teu nginoem teu barangdahar,
 djoeng ngeureujeuh hoedang ngarandang geus boerit,
 dikira waktoe asar.
29. Beh manggihan tangkal boeah deui,
 reudjeung aja sasaki boeahna,
 ki Moéhammad leuwih atoh,
 pek digadil koe tandoek,
 boeah beunang moerag ka boemi,
 ditjokot koe Moéhammad,
 ngahoeléng ngadjéntoel,
 hanteu wani gantjang²,
 dahar boeah pikir rempan ati risi,
 sok sieun djadi bahja.
30. Palangsiang nambahan balahi,
 tapi maksa bawaning koe lapar,
 karépna didahar bae,
 diseget sagaroegoet,
 kérsa Allah noe Maha Soetji,
 Moéhammad dahar boeah,
 tandoek noe disoehoen,
 leungit sapada harita,
 tanpa lébih taja oeroetna saeutik,
 ki Moéhammad waloeja.
31. Enggeus poelang kaasalna tadi,
 djadi sénang sarta séger koeat,
 'Mad Kaja lampahna djongdjón,

tatapina kasaroeng,
 ēnggeus lila di leuweung soeni,
 nandang sangsara pajah,
 hanteu manggih lēmboer,
 ēnggeus leungit roepa lawas,
 djadi roedig bēlēwoek koelitna hoerik,
 Moehammad ganti ngaran.

IV. KINANTI.

1. Ngaranna anoe katjatoer,
 manehna anoe ngalandih,
 Kai Miskin pangakoena,
 harita geus madjoe deui,
 ēnggeus manggih tēgal lēga,
 Ki Miskin boengah saeutik.
2. Tapi hēnteu manggih lēmboer,
 atawana djalan lidig,
 ari eta roepa boeah,
 anoe doea tea tadi,
 dibawa didjieun djimat,
 dikandoeng dipoesti-poesti.
3. Tatapi moal kaliroe,
 pērwatēkna hidji²,
 sabab boeah ditjirian,
 gantjangna Ki Miskin indit,
 ti tēgal ēnggeus kaloear,
 meh leungit ati prihatin.
4. Djēro pikirna koekoebok,
 hajang malēs ka Nji Poetri,
 Ki Miskin teu niat moelang,
 sēdjana rek madjoe deui,
 panas ngēnēs djeung binasa,
 niat nēpoengan Nji Poetri.
5. Ki Miskin leumpangna ladjoe,
 geus nēpi ka pinggir nagri,
 ngahoelēng koema' nja akal,
 pigeusaneun djalan panggih,
 djeung Nji Poetri poetra Radja,
 Soerjalaga Goenoeng Rawit.

6. Ka nagara Miskin asoep,
di pasar² moesapir,
djadjaloeck sabeuunang-beunang,
kadaharan sangoe roti,
sēgēr Miskin tambah koeat,
saban poë ngan moesapir.
7. Lila² miskin matoeh,
boeboedjang di anoe soegih,
di soedagar toekang barang,
geus gēnah pake bēresih,
pikirna teu pēgat²,
ngeloek akal anoe lantip.
8. Soepaja tereh patēpoeng,
djeung Nji Poetri Dewi Soetri,
tatjan kaharti djalanna,
'moen asoep ka djēro poeri,
Miskin teu pētot mikiran,
sangkan salamēt toer hasil.
9. Gantjangna bae ditjatoer,
katjarita Kai Miskin,
noe djadi boedjang soedagar,
harita keur mikir²,
manehna geus meunang akal,
djalan asoep ka djro poeri.
10. Ka soedagar amit moendoer,
manawi aja paidin,
sim koering sēdja rek moelang,
soedagar teu mere idin,
Miskin keukeuh indit maksa,
make papakean rawing.
11. Isoek² Miskin toeloej,
ngadeuheus ka Kangdjēng Goesti,
Sang Radja enggal mariksa,
rek naon datang ka aing,
sarta maneh oerang mana,
saha ngaran maneh Miskin.
12. Oendjoek sēmbah Miskin toengkoel,
noen pariksa Kangdjēng Goesti,
djisim abdi oerang djaba,
ngaran sim abdi poen Miskin,
geus teu gadoeh indoeng bapa,
atanapi nini aki.

13. Sarēng hanteu gadoeh doeloer,
sadajana ahli abdi,
toempoer teu aja noe tinggal,
kantoen sim abdi pribadi,
kasangsara hina nista,
estoe sakalangkoeng Miskin.
14. Hanteu aja geusan wangsoel,
margi koemawantoon abdi,
torodjog tanpa larapan,
teu ngadab ka linggih Goesti,
djisim abdi pasrah badan,
ngagandek di Dampal Goesti.
15. Noe jogja minoelja agoeng,
djoengdjoenan sadaja abdi,
pangaoeban sanagara,
noe asih ka pakir-miskin,
mēnggah maksoed abdi tea,
moegi 'Djēng Goesti migalih.
16. Hariring Radja ngadawoeh,
ajeuna maneh eh Miskin,
bēnēr karēp maneh tea,
ajeuna tangtoe koe aing,
dirawat di djēro poera,
maneh poerah ngala tjai.
17. Tjampoer djeung awewe dapoer,
Kai Miskin soeka ati,
gantjangna ēnggeus mērčnah,
di dapoer tjampoer djeung istri,
ari pagaweanana,
sore isoek ngala tjai.
18. Ki Miskin matak kajoengjoen,
matak rēsep matak watir,
istri dapoer pada soeka,
diasih koe para Njai,
geus poegoeh koe Kangdjēng Radja,
koe pawarang koe Nji Poetri.
19. Ki Miskin tjampoer di dapoer,
tērkadang sok miloe ngoki,
olah² djeung noe rea,

tērang kana hidji²,
 moenggoeh hatoeran Sang Radja,
 djeung pawarang djeung Nji Poetri.

20. Nji Poetri anoë katjatoer,
 taja sangka ka Ki Miskin,
 jen eta Moehammad Kaja,
 kapalsoe roepana salin,
 Poetri rēsēpeun katjida,
 Ki Miskin dipikaasih.
21. Salawasna di kadatoen,
 Miskin teu pēgat prihatin,
 djeung hēnteu pēgat tirakat,
 dina saban² peuting,
 ti beurang mindēng poeasa,
 njoehoenkeun oelah katawis.
22. Kira geus meunang satahoen,
 aja di dapoer Ki Miskin,
 kotjap dina hidji mangsa,
 Ki Miskin pikirna eling,
 maksoedna njieun lantaran,
 pambrih maksoedna ngadjadi.
23. Kabeh toeangeun di dapoer,
 mamasakan geu tarapti,
 Kai Miskin ēnggeus tērang,
 hatoeran sahidji-hidji,
 para koki hanteu aja,
 boedal ti dapoer ka tjai.
24. Noe tinggal manehna woengkoel,
 Ki Miskin pikirna eling,
 njokot boeah sok tandoekan,
 toeloej dikoeroed saeutik,
 sajoer hatoeran Sang Radja,
 dipoeroeloekan saeutik.
25. Ti dinja Ki Miskin toeloej,
 moeroeloekan sajoer deui,
 kana hatoeran pawarang,
 geus poegoeh hatoeran Poetri,
 sangkoe noe tiloe hatoeran,
 teu katara lampah Miskin.

26. Geus daratang eusi dapoer,
beurang kaganti koe peuting,
sadajana mamasakan,
geus diakoetan ka boemi,
kira djam poekoel dalapan,
Radja taroeang di boemi.
27. Reudjeung pawarang teu kantoen,
malah poetrana Nji Poetri,
taroeangna sami ni'mat,
ponjo sedjen ti sasari,
sajoer anoe tadi tea,
sami seep limit bersih.
28. Sanggeus salse toeang Ratoe,
pawarang reudjeung Nji Poetri,
taroeangna kawarégan,
Radja ngantoeck tengah boemi,
pawarang Poetri djeung Radja,
ladjéng ebog kana katil.
29. Koelémna dongkap ka isoek,
ngadjémpling hanteu ngalilir,
geus isoek emoet Sang Radja,
ngagéro Sang Radja nangis,
ningal mastaka tandoekan,
ranggakgak teu bisa tangi.
30. Pawarang deui nja kitoe,
soemawonna Njai Poetri,
sami nangis djédjéritan,
sirah tandoekan ngadjédig,
ranggah lir satandoek oentjal,
ear nangis di djro poeri.
31. Koe Raden Patih kadangoe,
di lèbét rame noe nangis,
Patih dangdan gantjang loempat,
moeroe soep ka djéro poeri,
djog ka pangkoelémnan pisan,
kåsondong Radja keur nangis.
32. Patih ningal ka Sang Ratoe,
ngarontok Patih djeung nangis,
ningal mastakana Radja,
tandoekan gede ngadjédig,

**Ki Patih manahna heran,
Radja nalangsa prihatin.**

33. Pawarang Poetri nja kitoe,
katingal koe Raden Patih,
kookeun teu sasaoeran,
geus lila Sang Radja bidjil,
ka loear ti pangkoeléman,
dipajang koe Raden Patih.
34. Sanagara kabeh goejoer,
praponggawa para mantri,
sami ngalajad ka Radja,
roesoeh loempat ka djro poeri,
reudjeung garwa² menak,
sami ngalajad ka boemi.
35. Pawarang noe digoegoeloeng,
Nji Poetri pon kitoe deui,
Pawarang Poetri djeung Radja,
hënteu pëtot² nangis,
prihatin nalangsa wirang,
diroeroeboeng beurang peuting.
36. Radja ngeureujeuh ngadawoeh,
tjoba toeloeng ieu Patih,
koema' bae tarekahna,
ieu tandcek sangkan leungit,
ajeuna koedoe saoeran,
doekoen noedjoem reudjeung tabib.
37. Sakabeh koedoe dikëloen,
sina nambaan ka kami,
reudjeung kami boga nadar,
saha noe njageurkeun kami,
tandoek leungit tina sirah,
përdjangdjian kami pasti.
38. Moal tjidra ènggeus tangtoe,
digandjar sabeulah nagri,
sarta didjadikeun pangkat,
djénèng radja wakil kami,
kasëboetna Radja moeda,
reudjeung përdjangdjian kami.

39. Toeloej disina mihoekoem,
Ngabogaan Njai Poetri,
sanadjan saha djalmana,
boh menak atawa koering,
bisa njageurkeun waloeja,
moal pilih moal moengkir.
41. Tapi maneh oelah palsoe,
koedoe teang masing sidik,
rehing geus kieu boektina,
balokekarna kitoe deui,
koe maneh torah sing tērang,
sēboet oelah risi².
42. Pioendjoekna goeroe noedjoem,
noe ditērangkeun sapalih,
hēnteu sahinasna pisan,
manahna Radja bok bisi,
noen pariksa Kangdjēng Radja,
eta teh kasawat Goesti.
43. Kērsaning Jang Maha Agoeng,
tjotjoba salira Goesti,
tapi kēdah galih sabar,
pasrah rido ka Jang Widi,
djeung pērtobat oelah ēlat,
soepados enggal walagri.
44. Goesti damang deui tangtoe,
tandoek leungit tanpa lēbih,
mo' aja sakara-kara,
kitoe paetangan abdi,
ajeuna tatjan mangsana,
diahir ge tangtos bidjil.

V. MIDJIL.

1. Katjatoerkeun Raden dēmang Patih,
ka loear ti djéro,
praponggawa ēnggeus koempoel kabeh,
ra'jat² menak djeung koering,
saoer Raden Patih,
eh sakoer noe koempoel.
2. Dawoeh Radja ka sadaja abdi,
noe sēpoeh noe anom,
saha² djalma anoe njampe,

ngadamangkeun salira Goesti,
 eta ēnggeus pasti,
 djénēng djadi Ratoe.

3. Djeung deui dikawinkeun ka Poetri,
 nadarna Sang Katong,
 hajoe boedal ihtiar sing tereh,
 soegan bae aja noe hasil,
 pitoeloeng Jang Widi,
 Radja damang moeloes.
4. Geus baroedal kabeh abdi²,
 noe ngidoel noe ngoelon,
 noe ka wetan reudjeung anoe ngaler,
 pada maksoed hajang ka Poetri,
 hajang geura kawin,
 sarta djadi Ratoe.
5. Reudjeung deui parentah Den Patih,
 djalma sépoeh anom,
 misti ngalandongan reudjeung njampe,
 pamégt baréng reudjeung istri,
 ngalandongan Goesti,
 gér goejoer tagiwoer.
6. Hénteu aja noe kaliwat hidji,
 kabeh pada djogo,
 anoe ngalandongan djeung noe njampe,
 teu aja noe méntal sahidji,
 pada heran pikir,
 djalma kabeh bingoeng.
7. Beurang peuting hénteu člat djalmi,
 hénteu aja towong,
 doekoēn² kabeh pada njampe,
 aki² djeung nini²,
 taja anoe matih,
 ngaleungitkeun tandoek.
8. Hénteu aja noe kaliwat hidji,
 sakoer anoe tembong,
 malah rea ti nagara sedjen,
 taja noe toemama sahidji,
 paradji teu mahi,
 soesahna kalangkoeng.

9. Woewoeh ripoeh Radja Goenoeng Rawit,
salira rampohpoj,
kabeh djalma anoe njampe waleh,
taja anoe sanggoep sahidji,
ngan kantoen sahidji,
henteu miloe².
10. Enja eta noe ngaran Ki Miskin,
teu pisan katakon,
koe Den patih ngan kaliwat bae,
henteu kaparentah koe Patih,
teu njampe ka Goesti,
tatjan pisan noeloeng.
11. Teu damangna 'Djēng Radja geus lami,
henteu tjopong²,
tiloe boelan diitoeng ditetek,
beurang peuting teu soewoeng djalmi,
di loear di poeri,
kabeh pada bingoeng.
12. Kangdjēng Radja njaoler ka Ki Miskin,
bari ngaharewos,
eh Ki Miskin tjoba toeloeng djampe,
ngan maneh noe teu katingali,
moeroe² aing,
niat njampe noeloeng.
13. Naha maneh teu wělas ka aing,
ngeunah² djongdjon,
dideuleuna anggoer ngaděděmpes,
di dapoer ngeunah² ati,
sakieu prihatin,
aing sangět liwoeng.
14. Sasaoeran Radja bari nangis,
Miskin adjrih mando,
saoer Radja panasaran hate,
'moen tatjan didjampe koe Miskin,
kitoe deui Poetri,
djeung pawarang toeloeng.
15. Reudjeung deui pěrdjangdjian aing,
moal tjidra bohong,
sakoemaha noe ka Patih bae,

maneh meureun geus tērang sidik,
saembara aing,
eta teh jen kitoe.

16. Oendjoek s̄embah Ki Miskin ka Goesti,
ngawalonan alon,
mangga abdi ka gamparan njampe,
ka pawarang sarēng ka Poetri,
moegi Maha Soetji,
djampe abdi makboel.
17. Namoeng Goesti panoehoen sim abdi,
Goesti oelah bohong,
pērdjangdjian moegi oelah geseh,
rek saboleh- boleh sim abdi,
wireh geus dimisti,
Miskin njēmbah moendoer.
18. Los ka dapoer njokot doea tjangkir,
teu aja noe njaho,
njoempoet boeni di noe rada poék,
doea tjangkir dieusi tjai,
harita Ki Miskin,
boeahna dikoeroed.
19. Dipoceroeloekkeun ka eta tjai,
anoe doea tjomplong,
teu katara tjai anggēr bae,
geus dibawa koe Aki Miskin,
ngadeuheus ka boemi,
Miskin dioek toengkoel.
20. Laga Miskin di pajoeneun Goesti,
eta doea tjomplong,
noe dieusi tjai teh didjampe,
sēmoe anoe ēnja teh teuing,
pek njampe Ki Miskin,
ngoenjēm bari imoet.
21. Lila pisan njampena Ki Miskin,
Radja manah bēngong,
ningal pēta Ki Miskin keur njampe,
sila rekep tjakēp djeung tartib,
tata titih rintih,
toengkoel bari ngoekoes.

Wawatjan tjarita Moeshammad kaja.

22. Toeloej tjēngkat harita Ki Miskin,
njampena parantos,
pok oendjoekan barina ngadehem,
noen Goesti ieu roepi tjai,
parantos koe abdi,
didjiad noe makboel.
23. Disanggakeun tjai dina tjangkir,
ka pawarang ongkoh,
pok oendjoekan leueut masing seep,
uelah aja kantoen saeutik,
ditjandak koe Goesti,
pek dileueut toeloej.
24. Kērsa Allah Anoe Maha Soetji,
anoe noeloeng jaktos,
Kangdjēng Radja sarēng pawarang teh,
harita keneh ge walagri,
tandoek noe ngadjēdig,
leungit taja oeroet.
25. Kangdjēng Radja djeung pawarang nangis,
koe bawaning atoh,
tandoek leungit salirana sae,
Radja ladjēng njaoer ka Miskin,
eh ajeuna Miskin,
diri maneh tangtoe.
26. Boeat nampa gandjaran ti kami,
nadar moal bohong,
djangdji kami moal pisan geseh,
panadaran jen koedoe boekti,
kami hēnteu moengkir,
isin koe Jang Agoeng.
27. Tatapinā koemaha Nji Poetri,
koedoe geuwat boro,
geura djampe pek inoeman bae,
sabab eta keur bcdjo Miskin,
sina tjageur Poetri,
gantjang Miskin moeroe.
28. Dina kamar Nji Poetri keur nangis,
Ki Miskin ēnggeus djol,
ngornong soegal pokna eh awewe,
koema' raos ajeuna Poetri,
tandoek ngawiwingking,
mo' aja noe sanggoep.

29. Ngaleungitkeun tandoek maneh Poetri,
saoemoer mo' lepot,
sabab doraka kaliwat gëde,
wawalës ti noe dinjënjéri,
ngahina toer djoelig,
goreng ati palsoe.
30. Aloes omong oetjap moeloet manis,
sarta olo²,
montong² djaga ēnggeus paeh,
di lahir ge ēnggeus pinanggih,
tandoek ngadjédjédig,
wawalës noe hasoed.
31. Sing roemaos jen geus nganjënjéri,
lamoen hanteu poho,
ka noe ngaran Mohammad Kaja teh,
oerang nagara Danarësi,
koe maneh ditampik,
diolo ditipoe.
32. Sabab kitoe maneh mo' walagri,
tandoek hamo lesot,
moal aja anoe bisa njampe,
tandoek maneh masingna leungit,
kadjabo ti kami,
noe moestadjab makboel.
33. Tapi maneh 'moen hajang walagri,
koedoe soson²,
tobat heula sarta koedoe saleh,
sababna tjotjoba ti kami,
bongan nganjënjéri,
keur waktoe kapoengkoer.
34. 'Moen teu njaho ieu ngaran Miskin,
djalma ngalalakon,
noe ngaran 'Mad Kaja asalna teh,
lamoen tatjan tobat mah Poetri,
moal tjageur deui,
Nji Poetri ngarandjoeg.
35. Bari njaoer pok njaoer ka Miskin,
koering geus roemaos,
lamoen jaktos 'Mad Kaja andjeun teh,
ajeuna hatoer tobat koering,
hampoera sim koering,
koe ēngkang noe estoe.

36. Moegi enggal toeloengan sim koering,
manah sing hawatos,
teu kawawa koe beurat sirah teh,
saréng ajeuna djisim koering,
sédja pasrah diri,
ka éngkang rek toehoe.
37. Kërsa éngkang sagala kairing,
moal njolowedor,
sarta moegi teu djamoega bae,
lamoen gindi-pikir rek moengkir,
kitoe soempah koering,
saksina Jang Agoeng.
38. Kai Miskin wélas ka Nji Poetri,
teu paos ditjrios,
gantjang Miskin njokot tjangkir bae,
dieusian tjai sakali,
ditjampoeran deui,
boeah beunang ngoeroed.
39. Bari njoempoet dina kamar boeni,
geus kitoe norodjol,
mawa tjai sarta pek didjampe,
di pajoeneunana Nji Poetri,
rapat teu katjiri,
tjangkir géus di pajoen.
40. Ieu tjai pek leueut koe Njai,
koe Poetri ditjokot,
djeung dileueut tjai teh geus seep,
kërsa Allah Noe Maha Soetji,
tandoek Poetri leungit,
toer salira moeloes.
41. Sëgrœck nangis njaloeoeh ka Miskin,
koering noehoen atoh,
bagdjá gëde éngkang noe noeloeng teh,
hënteu njangka pisan sim koering,
sakieu geus lami,
djeung éngkang teu tépoeng.
42. Rama iboe ngalajad ka Poetri,
manahna geus tjopong,
soeka soekoer geus walagri kabeh,
enggal hatoeran Njai Poetri,
ieu Kai Miskin,
geuning djalma palsoe.

43. Njalin roepa njamar djalma miskin,
nanging noe sajaktos,
kakang koering 'Mad Kaja noe saleh,
anoe sangët sangsara diri,
anoe dinjénjéri,
koe abdi kapoengkoer.
44. Kangdjëng Radja bëngong pok ngalahir,
ama mingkin atoh,
bagdja gëde moelja diri maneh,
isoekna Radja njaoer Patih,
geus marék di boemi,
bëngongna kalangkoeng.
45. Radja njaoer bërkah diri kami,
teu sawios-wios,
djeung pawarang rawoeh Poetri hade,
didjampe ti peuting koe Miskin,
ngahoelëng Den Patih,
moedji langkoeng soekoer.
46. Djeung ollok ningali ka Goesti,
kaliwat koe atoh,
djeung teu njana Miskin bisa njampe,
liwat heran manahna Patih,
oendjoekan ka Goesti,
abdi reboe noehoen.
47. Kangdjëng Radja nérangkeun sakali,
Patih 'moen teu njaho,
eta Miskin djalma noe kapelet,
noe baheula nanjaan Poetri,
didadar sakali,
taja noe kalaroeng.
48. Reudjeung deui ajeuna Den Patih,
nandakeun jen atoh,
niat kami teh gantjangkeun bae,
'Mad Kaja kawinkeun ka Poetri,
nëkanan sadjangdji,
toeloej djadi Ratoe.
49. Patih njembah kaloear ti poeri,
koempoelan di gëdong,
ngaembarkeun jen Radja geus sae,
malah ajeuna kërsa Goesti,
rek nikahkeun Poetri,
ka Miskin noe palsoe.

50. Kabeh djalma ḫenggeus pada harti,
harita geus gendjlong,
oeroes² sadia karasmen,
nikahkeun 'Mad Kaja ka Poetri,
gantjang geus sajagi,
ti noe djaoeh tjoendoek.
51. ḫenggeus koempoeł noe ti district²,
sadia parabot,
reana noe rek laladjo bae,
rendengan doekoen ka Nji Poetri,
koempoeł ahli-wargi,
leungit manah moetjoeng.

VI. POETJOENG.

1. Di nagara rame gamēlan goemoeroeh,
toer ajeuh-ajeuhan,
ngadérégdég sora bědil,
tingdjalegoer mariém djeung kalantaka.
2. Goenoeng Rawit hiboet goéjoer geus tagiwoer,
pasoeriab djalma,
kolot boedak menak koering,
laki istri ngagélék paheula-heula.
3. Raden Patih ditimbalan koe Sang Ratoe,
njaoran pramenak,
koempoelan di Srimanganti,
Den Panghoeloe Kalipah djeung sarat².
4. Geus sadia di Srimanganti noe koempoeł,
katjatoer 'Mad Kaja,
harita ḫenggeus disalin,
koe panganggo hoeroeng-herang karadjaan.
5. Sarta nganggo makoeta kantjana moeroeb,
goemébjar tjahjana,
matak serab noe ningali,
tjakép tégép kasep matak njéblak manah.
6. Ki Moehammad loengsoer dipajoengan agoeng,
ti lěbět ka loear,
digedeng koe Raden Patih,
ᬁenggeus soemping ka Srimanganti gek lěnggah.

7. Den Panghoeloe tjalikna ngalih ka pajoen,
saréng praponggawa,
sarat² kétib modin,
ki Mohammad geus lènggah dina amparan.
8. Ladjèng nikah Mohammad Kaja geus poetoes,
saksina sadaja,
sanggeus nikah ladjèng ngalih,
lènggah dina bangkoe karadjaan pisan.
9. Hénteu lami Poetri soemping ti kadatoen,
beunang nganggo midang,
tambah geulis langkoeng manis,
dina bangkoe lènggah ngarendeng djeung raka.
10. Raden Patih djoeng ngadèg di tèbeh pajoen,
ladjèng sasaoeran,
eh sadaja anoe hadir,
ieu koela nimbalkeun dawoehan Radja.
11. Kërsa Radja rehing geus kagoengan mantoe,
djénengan Mohammad,
ajeuna didjoengdjoeng linggih,
djadi Radja di Goenoeng Rawit nagara.
12. Noe kawasa ngadjalankeun damél Ratoe,
marentah ponggawa,
rajab kabeh abdi²,
Kangdjèng Radja liren tina karadjaan.
13. Praponggawa para mantri oendjoek noehoen,
sadaja ngistrenan,
hënteu aja anoe moengkir,
toer soemoedjoed kabeh sëdja koemawoela.
14. Enggal bae maos doe'a Den Panghoeloe,
gér amin sadaja,
praponggawa para mantri,
sami moendjoeng ka panganten Radja anjar.
15. Radja anjar djeung Nji Poetri ladjèng loengsoer,
ngarendeng angkatna,
pakael-kael djaridji,
dipadjèngan diiring koe menak².

16. Para istri reudjeung paměgět ngagoeroeh,
sadaja maridang,
sěpoeh anom anoe ngiring,
para ēmban noe ngiring mawa tampekan.
17. Enggeus soemping ka kadaton Radja baroe,
diboro dipapag,
ladjēng lēnggah di djro boemi,
djeung Nji Poetri pagedeng-gedeng teu anggang.
18. Raden Patih praponggawa pratoeměnggoeng,
hadjat bada nikah,
di gědong di Srimangati,
ti peutingna najoeb toer arak-arakan.
19. Katjatoerkeun panganten Sang Radja baroe,
geus ka pangkoelěman,
arebog paměgět istri,
sasaeran njarios lampah katoekang.
20. Noe arebog tibrana teh langkoeng²,
kotjapkeun isoekna,
Radja Sěpoeh Goenoeng Rawit,
kěrsana teh ngalih ka pakoewon anjar.
21. Nagri Goenoeng tambah rame woewoeh aloes,
sarta tambah kěrta,
taja rampog taja paling,
rea djalma ti nagara lian datang.
22. Anoe dagang soedagar rea noe matoeh,
njieun toko imah,
rea djalma anoe moedji,
Radja Baroe běrboedi toer bidjaksana.
23. Leuwih adil pěrtjeka djeung lěmah-lěmboet,
ka ra'jat balabah,
mere-maweh moerah asih,
geus kamashoer kalian-lian nagara.
24. Hidji mangsa Sang Radja eling ka iboe,
tinggal di nagara,
di Danarěsi geus lami,
lima tahoen pipisahan sarěng poetra.

25. Kĕrsa Radja sarĕng Poetri eta iboe,
ajeuna dikĕmat,
geus top njandak djimat soeling,
tĕngah wĕngi pek ditioep koe Sang Radja.
26. Ngan sakali geus djol soemping Kangdjĕng Iboe,
ka pajoeneun pisan,
barang Sang Iboe ngalilir,
tjoelang-tjileung raos dina pangimpian.
27. Sanggeus tĕrang Iboe aja di kadatoen,
kaget dina manah,
hĕnteu njaoer anggoer nangis,
Kangdjĕng Radja gabroeg ngarontok iboena.
28. Radja nangis njoeoeh ka pangkon kang Iboe,
njaoer tĕrang waktja,
'moen iboe hĕnteu tingali,
ieu koering noe ngaran Moehammad Kaja.
29. Bĕrkah iboe ajeuna geus djadî Ratoe,
piwĕlas Sang Radja,
Goenoeng Rawit ka sim koering,
ditikahkeun ka poetrana djadi Radja.
30. Istri anoë dikĕmat basa kapoengkoer,
nja ieu boektina,
nami Raden Dewi Soetri,
Njai Poetri harita ladjĕng moendjoengan.
31. Saoer Radja diri koering bĕrkah Iboe,
Iboe langkoeng soeka,
ningal poetra ēnggeus moekti,
djĕnĕng Radja dioegoeng dihoermat-hoermat.
32. Sarĕng deui moegi ajéuna kang Iboe,
oelah rek soemĕlang,
miemoet ka Danarĕsi,
tĕtĕp bae di dieu sarĕng kang poetra.
33. Lahir iboe soemawonna aja saoer,
teu aja kabeurat,
iboe teu ingĕt saeutik,
lamoen ēnggeus ajeuna tĕpang djeung oedjang.

34. Geura Iboe dangoekeun arek tjetjatoer,
ti sapoengkoer oedjang,
iboe kalangkoeng prihatin,
beurang-peuting ka oedjang taja hilapna.
35. Djeung sangsara kaliwat banget nja ripoeh,
koerang hal kipajah,
iboe oenggal poë koeli,
ngala tjai boeboeroeh ka noe baleunghar.
36. Saban poë iboe sok boeboeroeh noetoe,
eukeur barangdahar,
malah ieu oge samping,
boeroek boetoet geus rea pisan tambalna.
37. Beunang iboe ti anoé beunghar boeboeroeh,
imah geus teu aja,
iboe saban² peuting,
lamoen sare nja di mana bae doegna.
38. Rea djalma noe njéboet boeroeng ka iboe,
sangeting sangsara,
ngan teu pétot dina ati,
ngarép² ka oedjang teu geura datang.
39. Lamoen aja oedjang mah nja moal kitoe,
iboe teh katalang,
koe oedjang noe poerah ngémis,
Radja nangis sanget wélas ka Iboena.
40. Njai Poetri ngoeping nangis bloek njaloeoeh,
ka pangkon iboena,
saoer Radja meugeus Njai,
montong nangis Iboe géntos panganggona.
41. Koe noe bersih anoe weuteuh anoe aloes,
Nji Poetri geus njandak,
Iboe geus nganggo disalin,
tengah wéngi ladjeung taroeang sadaja.
42. Enggeus isoek ka Radja Sëpoeh mioendjoek,
jen soemping Iboena,
Radja Sëpoeh soeka galih,
sami térang sadaja ka iboe Radja.

43. Loeloes roentoet sadajana sami moeloes,
tētēp-toemētēpna,
rioeng moengpoeloeng ngahidji,
sadajana bangloes taja kakirangan.
44. Tjariosna Moehammad Kaja geus toetoep,
sēmēt djadi Radja,
ngageugeuh di Goenoeng Rawit,
tambah mashoer nagara moekti mibawa.

TAMAT.

EUSINA

1. Asmarandana p. 1 — 5.

Moehammad Kaja anak soedagar beunghar di ~~Ha-~~
narësi, meunang pirang² kakajaan titinggal ti bapa-
na, djeung boga 3 roepa djimat: soeling, endong
djeung kopeah.

2. Sinom p. 5 — 16.

Koe lantaran rèsèp maen djeung latjoer, ajeuna
Moehammad Kaja djadi miskin, malah djimat soe-
lingna oge geus euweuh, ditipoe koe Dewi Soetri,
poetra Radja di Goenoeng Rawit. Lantaran maoenat-
na djimat endong, ajeuna Moehammad Kaja beung-
har deui, sarta téroes nanjaan ka poetra Radja Goe-
noeng Rawit, anoe nipoe djimat soeling tea.

3. Dangdanggoela p. 16 — 24.

Tina binangkitna Poetri Goenoeng Rawit, Moeham-
mad Kaja katipoe deui bae, kabeh djimatna beunang
koe Poetri Goenoeng Rawit tea, sarta Moehammad
Kaja téroes leuleuweungan, sangsara. Di leuweung
manggih doeä boeah adjaiib, moen didahar noe hidji
matak tandoekan, noe hidji deui paranti njageur-
keunana.

4. Kinanti p. 24 — 30.

Moehammad Kaja njamar, lila² toeloej boeboedjang
di Radja Goenoeng Rawit. Radja djeung poetra
garwana teu damang, sadajana tarandoekan, lantaran
diwisajaan koe Moehammad Kaja.


5. Midjil p. 30 — 38.

Radja saembara; saha² noe njageurkeun tangtoe di-
djadikeun radja, sarta dikawinkeun ka poetrana.
Ajeuna Radja djeung sapoetra garwana daramang
deui, dioebaran koe Moehammad Kaja.

6. Poe~~ti~~ joeng p. 38 — 43.

Moehammad Kaja ditikahkeun ka Dewi Soetri, sarta
téroes djadi radja di Goenoeng Rawit, ngagéntos
mértoeana.

Ngaranna boekoe	Ngaranna noe ngarang	Har-gana.
Noenggoel Pinang II	Hector Malot	f 1.70
Oerang Badoej (Tjarita)	R. Djajaperbata	„ 0.06
Panggoegah (Bockoe)	M. Kartadimadja	„ 0.08
Raden Oestama (tjarios)	R. Ardiwinata	„ 0.70
Siddarama atawa Djaja Roekmantara (tjarita)	Mr. van Limburg Brouwer	„ 0.90
Bab njéghah nginoem arak	J. Kats	„ 0.70
Genoveva	C. Schmid	„ 1.—
Poelo Karang	R. M. Ballantyne	„ 1.55
Bab pěpělakan	R. Soeria Adiwidjaja	„ 0.20



Gaylord
GAYLAMOUNT®
PAMPHLET BINDER
Syracuse, N.Y.
Stockton, Calif.

OLIN LIBRARY-CIRCULATION
DATE DUE

APR 25 1991 N - 8

JUL 1 1991

GAYLORD

PRINTED IN U.S.A.

RLGFHM

